

PENILAIAN HARIAN BAHASA SUNDA

I. Pilih jawaban nu benerna!

*Ngabogaan sobat dalit urang kudu
deukeutna ibarat wargi
perlu pikeun silih tulung
mun urang meunang kasulit
tong ieuh sieun kasoro.*

1. Padalisan kahiji pupuh di luhur, ngabogaan guru wilangan
 - a. 8 engang
 - b. 10 engang
 - c. 12 engang
 - d. 7 engang
2. Pupuh di luhur ditulis dina wangun
 - a. Maskumambang
 - b. Mijil
 - c. Lambang
 - d. Magatru
3. *Ramo mah salawasna akur jeung batur
tara hirup sirik pidik
komo bari jeung teu akur
teu hirup masing-masing*
.....
Kalimah anu merenah keur ngalengkepan pupuh di luhur, nyaéta
 - a. ramo jumlahna lima
 - b. pék conto hirupna ramo
 - c. kudu hirup kawas curuk
 - d. ramo nu panggigirna cingir
4. Katangtuan jumlah engang dina sapadalisan, disebutna
 - a. guru wilangan
 - b. guru lagu
 - c. guru gatra
 - d. guru wirahma
5. Anu disebut guru lagu dina pupuh téh, nyaéta
 - a. sora awal dina unggal padalisan
 - b. sora tungtung dina unggal pada
 - c. sora tungtung dina unggal padalisan
 - d. sora nu sarua dina sapadalisan

6. Watek pupuh Magatru téh, nyaéta

- | | |
|----------------------|-------------------------|
| a. sayaga rép perang | c. gumbira |
| b. banyol | d. sedih atawa prihatin |

7. Ari nu disebut padalisan dina pupuh téh sarua hartina jeung

- | | |
|-------------|------------|
| a. paragraf | c. jajaran |
| b. bait | d. kalimah |

*Urang kudu boga sobat dalit
keur silih tulungan
silih titipkeun nya diri
ngarah hirup henteu susah.*

8. Pupuh di luhur téh kaasup kana pupuh

- | | |
|------------|-----------------|
| a. Pucung | c. Magatru |
| b. Kinanti | d. Maskumambang |

9. Jumlah guru wilangan dina padalisan kahiji dina pupuh di luhur, nyaéta

- | | |
|-------------|--------------|
| a. 7 engang | c. 10 engang |
| b. 8 engang | d. 12 engang |

10. Padalisan anu jumlah engangna aya 6 dina pupuh diluhur, nyaéta

- | | |
|---------------------|---------------------|
| a. padalisan kahiji | c. padalisan katilu |
| b. padalisan kadua | d. padalisan kaopat |